# РагIул кьибил

# и

# 5 класс

# Дарсил мурадал

1. **Кьибил щиб жо кколебали баян кьезе;**
2. **РагӀул кьибил битӀун батизе бажари;**
3. **РагӀи битӀун бутӀабазде бихххизе бажари;**
4. **МацӀалде рокьи бижизаби;**
5. **КӀалзулаб калам цебетӀезаби**

# Кьурал рагIабазе антонимал рате

- КIудияб –
- БацIцIадаб –
- ГIисинал –
- ГIолохъанаб –
- Кьарияб –
- Гьуинаб -
- Свине –
- Къазе –
- Бергьине -

- *ГьитIинаб*
- *Чорокаб*
- *ЧIахIиял*
- *Хераб*
- *ХIалакъаб*
- *ЦIекIаб*
- *РекIине*
- *Рагьизе*
- *Къезе*



# тест

**1. Щиб жо кколеб лексика?**
А) мацӀалъулъ ругел киналго рагӀаби.
Б) каламалъул гьаркьал.
В) рагӀул бутӀаби.
**2. гӀемер магӀнаялъул рагӀаби рихьизаре.**
А) бече, оц, охцер.
Б) бер, тӀехь, бетӀер.
В) лемаг, гӀеч, чу
**3. Хъвалсараб магӀнаялда хӀалтӀизабураб рагӀи бате.**
А)  цӀорораб хасел
Б) цӀорораб балагьи
В) цӀорораб лъим.
**4. Цоцазе гӀаксаб магӀна бугел рагӀабазда абула…**
А) синонимал
Б) омонимал
В) антонимал
**5. Абиялъулъ жал батӀиял, магӀнаялъул рахъалъ цогоял рагӀабазда абула …**
А) антонимал
Б) синонимал
В) омонимал
**6. Абиялъульги хъваялъульги жал релъарал, амма магӀна батӀиял рагӀабазда абула…**
А) омонимал
Б) синонимал
В) антонимал

Жавабал: 1.  а; 2. б; 3. б; 4. в; 5. б; 6. а; 7. в; 8. в; 9.б

# ЦӀияб тема

**Кинал бутӀабаздасан гӀуцӀун букӀунеб рагӀи?**

- ***КӀвахӀ буго сахлъиялъул тушман.***
- ***ХӀалтӀи буго сахлъиялъул гьудул.***
- ***КӀвахӀалав гӀодов чӀун свакала.***
- ***ХӀалтӀуца гӀадан берцин гьавула.***
- ***КӀвахӀалъ хур бекьуларо.***

**Гьал кицабазулъ ругел ХӀАЛТӀУЦА ВА КӀВАХӀАЛЪ абурал рагӀабазул аслу ва ахир бихьизабе.**

**Гьал рагӀабазул релъараб бутӀа бате.**

# РагӀул кьибил

- МагӀна гӀагарал рагӀабазул гӀаммаб бутӀа кьибил ккола. МагӀна гӀагарал рагӀабазда кьибил цоял рагӀабиянги абула. Масала: **чан**- **чан**ахъан – **чан**ахъанлъи
- Кьибил рагӀул бищунго кӀвар цӀикӀкӀараб бутӀа ккола.





# Малъараб материал щула гьаби

**Цого кьибилалъул рагIаби, ратIа росун, кьер-кьер гьабун хъвай. Щибалъе данде кколеб суал лъе.**

1. ***Исана боцIи кьара буго.***
2. ***Мусаца сон кьарияб оц хъуна.***
3. ***Кьаралъи кваназе бегьуларо ГIалие.***
4. ***Исана магIарда гIи цIакъ кьаралъана.***
5. ***Эбелалъ чай гьуин гьабула.***
6. ***Гьуинаб чай дие бокьуларо.***
7. ***Гьуинлъи гIемер кваназе бегьуларо.***

# Физминутка

***Цилтӏинчӏ тӏаде бахъана,***
***Кӏицӏул-лъабцӏул къулана,***
***Цинги, бер-кӏалги чурун,***
***Цӏалдезе гӏодоб чӏана.***







# Х1алт1и № 337 гьум. 125

- **Гьал прилагательнояздa данде кколел кьибил цоял предметиял цIарал рате**

**Масала: цIодораб – цIодор**

**Багьаяб –**

**ТIинчIаб –**

**ВатIанияб –**

**ЗахIматаб –**

**ГIалаяб –**

**КIиматаб**



# Дарсил хIасилал гьари

- Щиб жакъасеб дарсида нилъеда лъараб?
- Кьибил сунда абулеб?
- Аслу сунда абулеб?
- РагIул ахир сунда абулеб?
- Бокь ... кее дарс?






Рокъобе хIалтIи

§ 43  № 340 гьум. 125



musplus.ru

Fokina Lidia